

## BUMI KEPEK


### Papaning Desa Kepek

Desa Kepek secara geografis mapan ing titik ordinat 7°58'10.6" Lintang Selatan 110°35'41.6" Bujur Timur<sup>1</sup>, kanti luas wilayah **404** ha, kapantha dados 10 Padukuhan, injih menika :

1. Padukuhan Trimulyo I
2. Padukuhan Trimulyo II
3. Padukuhan Sumbermulyo
4. Padukuhan Bansari
5. Padukuhan Tegalmulyo
6. Padukuhan Kranon
7. Padukuhan Ledoksari
8. Padukuhan Kepek I
9. Padukuhan Kepek II
10. Padukuhan Jeruk

Desa kepek mapan wonten ing saktengahing kota kecamatan Wonosari lan Kabupaten Gunungkidul. Jarak saking punjering peprintahan :

- 1) Jarak saking punjering Peprintahan Kecamatan : 0,70 Km
- 2) Jarak saking Punjering Peprintahan Kabupaten : 0.90 Km
- 3) Jarak saking Punjering Peprintahan Propinsi : 39 Km
- 4) Jarak saking Punjering Peprintahan Pusat : 625 Km



### Wates Desa Kepek

---

<sup>1</sup> Google map ordinat 7°58'10.6"S 110°35'41.6"E Desa Kepek Wonosari

Desa Kepek ing ngiring eler batasan kalian Desa Piyaman Kecamatan Wonosari, Ngiring wetan batasan kalian Desa Wonosari, ngiring kidul batesan kalian Desa Siraman ingkang dipun watesi aliran kali Besole saking sisih wetan mengilen sahangiring kilen batesan kalian Desa Pulutan lan Desa Logandeng Kecamatan Playen.

Wonten ing sakwetawis papan, batas Desa Kepek kalian Desa sanesipun menika wonten ingkang mboten wonten tengeripun. Ing Padukuhan Trimulyo I wonten salah setunggaling griya warga ingkang ngajeng lumebet wonten tlatah Desa Kepek, ingkang griyo wingking lumebet wonten tlatah Desa Wonosari. Semanten ugi alun-alun Wonosari ingkang mapan wonten ngajeng Kantor Pemerintah Kabupaten Gunungkidul, sakkilenipun wit ringin ingkang ngiring wetan mengaler menika lumebet tlatah Desa Kepek, wondene ingkang sisih wetan mlebet tlatah Desa Wonosari.



Foto.1. Peta Desa Kepek

### Kawontenan Siti Desa Kepek

Secara umum, wilayah Desa Kepek arupi tanah dataran kanti inggil 359 m dpl, jenis tanah cemeng / ireng ingkang cocok lan sae dipun tanemi tanaman keras kados jati, mahoni, akasia, sono lan klopo.

Ewasemanten karena wekdal sakmenika papan dunung warga masyarakat ing wilayah Desa Kepek sampun rapet, sakwetawis taneman keras katah ingkang pun gantos kalian tanaman buah buahan.

Kejawi menika Desa Kepek ugi nggadahi potensi sumber mata air bawah tanah **Pancuran** ingkang mboten nate asat ingkang sakwetawis dipun manfaataken kagem nyekapi kabetahan warga masyarakat sak kiwo tengenipun.



Foto.2. Sumber Belik Pancuran